

Anrejistre pou kredi STAR

Pou kisa ou ta dwe anrejistre

Avantaj Debaz ak Amelyore nan Soulajman nan Taks Lekòl (School Tax Assessment Relief, STAR) ap ede pifò pwopriyetè kay New York ekonomize anpil santèn dola. Si ou kalifye, w ap resevwa yon chèk pou kantite lajan epay STAR ou.

Kimoun ki ta dwe anrejistre

Ou ta dwe anrejistre pou STAR si ou:

- te achte kay ou apre ane dat limit aplikasyon pou STAR nan ane 2015;
- pa t janm aplike pou avantaj STAR nan kay prensipal ou; oswa
- te resevwa yon lèt ki te mande ou pou anrejistre pou STAR Debaz.

Nòt: Ou **pa** bezwen anrejistre pou STAR si ou se yon pwopriyetè kay depi lontan ki gen yon egzanpsyon STAR. Gade Pwogram Egzanpsyon STAR ([STAR Exemption Program](#)) pou jwenn plis enfòmasyon.

Fason pou anrejistre

Lè ou anrejistre pou kredi STAR, Depatman Taks (Tax Department) ap revize aplikasyon ou otomatikman pou detèmine si ou kalifye pou kantite lajan avantaj STAR Debaz oswa Amelyore. (Granmoun aje k ap resevwa STAR ka kalifye tou pou yo aplike pou egzanpsyon granmoun aje—[jwenn plis enfòmasyon](#).)

Fè anrejistreman sou entènèt—nan kèk minit. W ap bezwen:

1. Bay non ak nimewo sekirite sosyal pou tout pwopriyetè kay la ak pou madanm/mari yo.
2. Reponn kèk kesyon sou revni ak adrès pwopriyetè yo ak madanm/mari yo.
3. Bay dat pwopriyetè a te achte kay la ak non vandè yo.

Nòt: W ap jwenn endikasyon pou bay kòd STAR ak ID pasèl la, men yo pa obligatwa pou fè anrejistreman an.

ANREJISTRE

Jwenn plis enfòmasyon

- [Kalifikasyon pou STAR](#)
- [Avi konsènan enfòmasyon prive nan STAR](#)
- [Dokiman pou nou pwopriyetè kay yo](#)